



Pou Piblikasyon Imedya: 31/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APWOUVASYON PREMYE APLIKASYON POU
DEMONSTRASYON VEYIKIL OTONÒM NAN ETA NEW YORK**

***Premye Demonstrasyon Veyikil Otonòm Yo Pral Òganize nan Albany nan dat 13
Jen***

Foto yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Audi of America Inc. se premye konpayi ke yo te apwouve pou pèfòme yon demonstrasyon veyikil otonòm nan Eta New York. Nan kòmansman mwa sa, Gouvènè a [te anonse](#) ke New York ap aksepte kounye a aplikasyon konpayi yo ki enterese teste oswa fè demonstrasyon veyikil otonòm yo sou wout piblik yo. Konpayi an planifye fè premye demonstrasyon sa nan istwa eta a, ki ap kòmanse nan Vil Albany tou pre State Capitol nan dat 13 Jen.

“Veyikil otonòm yo se yon pati majè nan avni endistri otomobil lan, epi pwogram pilòt sa pral ede asire ke New York kontinye rete yon santral inovasyon ak dènye teknoloji modèn yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Teknoloji sa k’ap emèje a gen potansyèl pou diminye aksidan epi sove lavi sou otowout nou yo, epi ak apwouvasyon sa nou vin yon pa pi pre yon New York ki pi sekirize epi pi djanm pou tout moun.”

Gen yon nouvo lwa nan Bidjè ane fiskal 2018 la ki pèmèt pou fè tès teknoloji otonòm atravè yon pwogram pilòt ki dire ennan. Audi of America Inc. te premye konpayi ki te aplike pou dwa pou demontre teknoloji sa nan New York, epi se premye ke yo te apwouve sou pwogram lan. Teknoloji ke yo planifye pou demontre nan Rejyon Kapital la Society of Automobile Engineers lan konsidere ke li se yon Nivo 3 nan operasyon veyikil otonòm yo, sa ki vle di ke li kapab pèmèt moun kondwi an sekirite san itilize men yo ak vitès ki etabli sou otowout yo, men ki bezwen yon moun pran kontwòl yo si sa nesesè. De enjenyè ki fòme pral nan veyikil lan pou siveye sistèm lan epi asire sekirite, yonn ap nan chèz devan epi yonn ap nan chèz dèyè a. Veyikil lan te deja pakouri plizyè milye kilomèt sou otowout yo atravè peyi Etazini an sekirite.

Lapolis Eta New York te deja apwouve anvan sa enfòmasyon sikwi veyikil konpayi an, epi Depatman Veyikil Motorize an (Department of Motor Vehicles, DMV) te apwouve aplikasyon li an nan Vandredi 26 Me.

Komisyone Adjwen Egzekitif DMV, Terri Egan, te di: “Angajman Gouvènè Cuomo pou amelyore sekirite sou otowout yo apati teknoloji te fè Eta New York vin yonn nan

kote ki pi sekirize yo pou moun kondwi nan nasyon an. Premye tès ak demonstrasyon sa yo ki pral fèt nan New York yo se reyèlman baz konstwiksyon pou mwayen transpò ki pi sekirize, pi fleksib epi pi aksesib yo. Teknoloji veyikil otonòm yo pral byento mete sekirite otowout yo nan yon gwo lòt nivo epi gras a lidèchip Gouvènè a, mwen konfyan ke Eta New York pral pare.”

Sipè-entandan Lapolis Eta New York Ian (New York State Police) George P. Beach II te deklare: “Lapolis Eta a angaje nan sipèvize pwosesis tès veyikil otonòm yo epi yo antouzyas pou yo fè pati de li. Nou pral travay ansanm ak konpayi endividyèl yo epi ak Depatman Veyikil Motorize an pou kapab asire ke yo evalye teknoloji yo an sekirite epi yon fason ki apwopriye.”

Brad Stertz, ki se Direktè, Afè Gouvènman Audi ki nan Washington, D.C. te deklare, “Veyikil otomatize yo gen potansyèl enòm pou kapab amelyore sekirite sou wout New York yo, redwi anbouteyaj epi ouvri nouvel chwa mobilite atravè peyizaj divès eta a. Nou aplodi Gouvènè Cuomo pou lidèchip li epi nou rete pare pou asiste nan defini jan fiti sa pral devwale nan Empire State kounye a ak pou ane ki gen pou vini yo.”

N ap atann aplikasyon ki soti nan men manifaktirè “teknoloji machin otonòm,” oswa konpayi k ap kreye teknoloji sa yo e k ap travay an konjonksyon avèk manifaktirè yo. Tout machin yo pral gen pou konfòme yo avèk estanda sekirite federal yo, e tout estanda enspeksyon Eta New York ki aplikab. Yon moun ki gen yon lisans chofè ki valab dwe chita dèyè volan an pandan tout tan machin nan ap woule sou gran wout piblik yo. Tout machin yo pral itilize yo dwe fè pati lis ki sou aplikasyon an, e dwe gen yon kontra asirans 5 milyon dola ki an plas pou nenpòt ki machin y ap teste jou sa a.

Pami lòt bagay, konpayi yo dwe soumèt tou yon rapò sou demonstrasyon oswa tès ki fèt dapre yon pèmi DMV, bay Manm Komisyon Sikilasyon an opita 1^{ye} Mas 2018. Lwa ki pèmèt demonstrasyon oswa tès yo ap ekspire 1^{ye} Avril 2018. DMV ak Lapolis Eta a gen obligasyon devan lalwa pou soumèt yon rapò sou pwogrè New York ak tès veyikil otonòm yo pa pi ta pase 1^{ye} Jen 2018. Kondisyon tès la ak aplikasyon an disponib [isit la](#).

###